# Келеси оқыў жылынан баслап тек ғана мәмлекетлик грант тийкарындағы көрсеткишлер белгиленеди

Image not found or type unknown

Келеси оқыў жылынан баслап тек ғана мәмлекетлик грант тийкарындағы көрсеткишлер белгиленеди. Төлемли контракт бойынша қабыллаў квоталарын жоқары оқыў орынлары өзлери еркин белгилейди.

Президент қарарына муўапық , Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги тәрепинен мәпдар министрлик ҳәм мәкемелер менен биргеликте 2020-жылдың 1-декабрь сәнесине шекем:

жоқары билимлендириў мәкемелерине оқыўға қабыл етиўдиң мәмлекетлик буюртпасы параметрлеринде тек ғана мәмлекетлик грант тийкарында қабыллаў көрсеткишлерин белгилеў;

Төлемли контракт тийкарындағы қабыллаў көрсеткишлерин жоқары билимлендириў мәкемелери тәрепинен еркин белгилеў. Бунда, төлемли контракт тийкарындағы қабыллаў көрсеткишлери Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги тәрепинен белгиленген муғдардан кем болмаўы керек;

қәбилиетли студентдлерди мәмлекетлик емес билимлендириў шөлкемлеринде де мәмлекетлик грант тийкарында оқытыў;

Айрықша уқып талап етилетуғын билимлендириў тараўларының бакалавриат тәлим бағдарларына оқыўға қабыл етиў ушын дөретиўшилик имтиханлары менен биргеликте мәжбүрий үш – ана тили (өзбек, рус ямаса қарақалпақ), математика

ҳәм Өзбекстан тарийхы пәнлери бойынша тест сынақларын тапсырыў тәртибин енгизиў бойынша Ҳүкиметке тийкарланған усынысларды киргизеди.